REPUBLIQUE D'HAITI
MINISTERE DE LA SANTÉ PUBLIQUE
ET DE LA POPULATION
Unité d'Arrondissement de Santé(UAS), La Gonâve, Anse-à-Galets, Terre Rouge

SIKILÈ ADMINISTRATIF

Sikilè No: _001___ / 2026

Sijè: Mezi pou fasilite aksè gratis ajan Polis(National ak Minisipal) ak moun ki nan prizon(detni ak prevni) yo resevwa sèvis swen sante nan enstitisyon sante piblik yo ak lopital wesleyen nan awondisman lagonav la.

Pou: Tout responsab lopital konsène yo, sant sante ak lòt enstitisyon sante piblik nan awondisman lagonav la.

Konteks Sikilè sa

Lè nou konsidere Leta ayisyen gen obligasyon pou fasilite aksè popilasyon an ak sèvis sante, sitou nan zòn ki gen difikilte jeyografik, ekonomik ak lojistik, tankou zile Lagonav;

Lè nou konsidere jan Lopital Wesleyen, Lopital kominotè Referans Piblik tipalmis la ak tout sant sante piblik yo reprezante enfrastrikti sanitè enpòtan pou popilasyon Lagonav, nan kad dispozisyon sèvis swen sante ak repons li pote devan bezwen medikal kominote a;

Lè nou konsidere Leta ayisyen gen kèk ane depi li angaje nan yon patenarya ak Lopital Wesleyen an, atravè divès fòm sipò enstitisyonèl, tankou fasilite ladwàn, mete materyèl ak ekipman disponib epi peye resous moun pou soutni fonksyònman lopital la;

Lè nou konsidere sipò sa yo tradui volonte Leta pou akonpaye estrikti sanitè sa a pou diminye presyon ekonomik, soulaje popilasyon an nan akonplisman misyon sèvis piblik li, nan enterè popilasyon Lagonav la;

Lè nou konsidere patenarya sa a dwe antre nan yon lojik kowòdinasyon, konplemantarite ak pataj responsablite ant Leta ak enstitisyon k ap bay sèvis sante yo;

Lè nou konsidere depans ki gen rapò ak deplasman ak transpò reprezante yon kontrent ekonomik ak lojistik pou polisye k ap viv sou zile a ak moun ki nan prizon ki anba reskonsablite yo, sitou lè y ap chèche jwenn swen medikal, akonpaye malad oswa jwenn sèvis esansyèl;

Lè nou konsidere nesesite pou Leta kontinye adopte mezi administratif ak fiskal ki kapab fasilite mobilite popilasyon an epi amelyore kondisyon aksè ak sèvis sante sou zile Lagonav;

Lè nou konsidere li enpòtan pou egzamine posiblite pou mete an plas yon dispozisyon espesyal ki ta pèmèt egzansyon polisye ak detni yo pou kategori moun ak deplasman ki antre nan kad mezi sosyal ak sanitè sa a;

Lè nou konsidere yon mezi konsa ta kapab konstitye yon lòt fòm akonpayman Leta nan kad patenarya li ak Lopital Wesleyen ak ranfose enstitisyon sanitè piblik yo, pandan l ap kontribye nan amelyorasyon aksè popilasyon an ak sèvis sante nan yon pri ki pa chè.

Lè nou konsidere kontribisyon gwo sipò leta ayisyen bay Lopital Wesleyen pou kapab bay popilasyon La Gonâve sèvis swen sante ak fason li ekipe enstitisyon sanitè piblik yo, sitou wòl enpòtan yo jwe nan resevwa ak trete ka ijans medikal nan awondisman an;

Inite Awondisman Sante lagonav la, sou rekòmandasyon Direksyon Depatmantal Sante Lwès (DSO), rekòmande pou lopital Wesleyen, Lopital Kominotè Referans piblik tipalmis ak Tout lot sant sante piblik yo nan awondisman lagonav mete an aplikasyon mezi sa yo ki pran nan sikilè sa a :

Nan objektif pou ranfòse kolaborasyon ant enstitisyon sante piblik yo ak enstitisyon sekirite nasyonal yo, epi pou fasilite aksè polisye yo ak detni yo jwenn sèvis swen sante gratis , Inite Awondisman Sante La Gonâve pran dispozisyon sa yo:

Atik 1. – ***Aksè nan sèvis swen sante***

Tout ajan Polis Nasyonal d Ayiti ki an sèvis nan awondisman lagonav dwe benefisye fasilitasyon pou jwenn swen sante nan tout lopital, sant sante ak lòt estrikti sante piblik ki sou jiridiksyon Inite Awondisman Sante La Gonâve.

Atik 2. – Egzanpsyon frè swen sante

Sou baz rekòmandasyon Direksyon Depatmantal Sante Lwès la ak apre validasyon otorite konpetan yo, polisye ki kalifye yo ak detni yo ap benefisye egzanpsyon frè pou sèvis swen sante ki antre nan kad mezi sa a.

Mezi sa a konsène sèvis konsiltasyon, swen ijans, swen medikal, egzamen ak lòt sèvis ki disponib nan enstitisyon ki konsène yo, selon resous ak kapasite sèvis yo.

Atik 3. – Enstitisyon ki konsène yo

Mezi sa a konsène, san limitasyon:

1- **Lopital Wesleyen, Anse-à-Galets;**
2- **Lopital Ti Palmis;**
3- **Tout sant sante piblik nan awondisman La Gonâve;**

Nenpòt lòt estrikti sante piblik ki anba sipèvizyon Inite Awondisman Sante La Gonâve.

Pou lopital ak enstitisyon prive oswa relijye, aplikasyon mezi a ap fèt sou baz yon akò oswa yon angajman fòmèl ant responsab enstitisyon yo ak otorite sante konpetan yo.

Atik 4. – Modalite aplikasyon

Pou benefisye mezi sa a, ajan polis la dwe prezante kat pwofesyonèl li oswa nenpòt lòt pyès ofisyèl ki pèmèt idantifikasyon li.

Responsab chak enstitisyon sante dwe mete an plas yon mekanis administratif pou fasilite resepsyon, swivi ak anrejistreman ajan polis ki benefisye sèvis yo.

Atik 5. – Responsablite responsab sant sante yo

Direktè ak responsab enstitisyon sante yo gen obligasyon pou enfòme pèsonèl medikal ak administratif yo sou dispozisyon ki nan sikilè sa a, epi asire aplikasyon yo nan respè prensip etik, kalite swen ak diyite pasyan yo.

Atik 6. – Swivi ak evalyasyon

Inite Awondisman Sante La Gonâve ap asire swivi aplikasyon mezi sa yo, an kolaborasyon ak Direksyon Depatmantal Sante Lwès la ak responsab lokal Polis yo.

Atik 7. – Prensip patenarya ak solidarite enstitisyonèl

Mezi sa a antre nan kad yon apwòch solidarite ak responsablite pataje ant Leta ayisyen ak enstitisyon sante k ap sèvi popilasyon La Gonâve.

Leta dwe pran dispozisyon nesesè pou asire okenn mezi egzanpsyon frè pou ajan PNH pa afekte kapasite Lopital Wesleyen pou kontinye bay popilasyon an swen sante nan bon kondisyon.

Atik 8. – swivi ak evalyasyon sipò leta

REPUBLIQUE D'HAITI
MINISTERE DE LA SANTÉ PUBLIQUE
ET DE LA POPULATION
Unité d'Arrondissement de Santé(UAS), La Gonâve, Anse-à-Galets, Terre Rouge

Inite Awondisman Sante La Gonâve, an kolaborasyon ak Direksyon Depatmantal Sante Lwès la, ap ankouraje yon mekanis swivi regilye sou sipò Leta bay Lopital Wesleyen, sitou nan domèn finansman, pèsonèl, materyèl ak ekipman.

Objektif swivi sa a se asire resous ki disponib yo kontribye nan amelyorasyon kalite sèvis sante, nan bon jan fonksyònman lopital la ak nan aplikasyon mezi sosyal ak sanitè Leta pran yo.

Atik 9. – Antre an aplikasyon

Sikilè sa a ap antre an aplikasyon depi dat otorite konpetan yo apwouve li, siyen li epi pibliye li.

Tout responsab konsène yo envite pran dispozisyon nesesè pou bon aplikasyon mezi sa a.

Fèt nan Anse-à-Galets, jou **__9__** mwa **__Novanm_____** 2026.

Pou Inite Awondisman Sante La Gonâve

Jude Emmanuel PIERRE: _____

Fonksyon: Kòdonatè UAS lagonav